

21 Jiyè 2020

Chè Paran/Responsab CCPS

Depi nou te anonse plan nou an pou relouvri lekòl yo semenn pase a ki pote non *Moving Forward*, nou te kontinye ap chèche konsèy nan men ekspè medikal nou yo e Depatman Sante ki nan Collier a, e diskisyon avanse sa yo ap ede nou jwenn solisyon kreyatif pou redui risk pwopagasyon COVID-19 la.

LINÈT PWOTEKSYON (METE AJOU) /KOUVRI VIZAJ

Pandann ke nou ap pran anpil prekosyon, kòm pi gwo nivo pwoteksyon yon moun kapab pran kont COVID-19, **yo rekòmande avèk anpil fòs linèt pwoteksyon ki bare zye (opsyonèl)**. Linèt pwoteksyon bay plis kouch pwoteksyon pou moun ki pote linèt.

Yo pral egzije pou tout moun **kouvri vizaj/mete mas** nan Lekòl Piblik Collier County (CCPS). Kòm pwofesyonèl medikal nou yo te pataje sa avèk nou, kouvri vizaj ap asire pwoteksyon “pou mwen rive sou ou” e “pou ou rive sou mwen” pa konsekan, yo pral toujou egzije yo ankò. Lè nou tout kouvri vizaj nou, chak nan nou ap jwe wòl pa nou pou ralanti pwopagasyon COVID-19. CCPS detèmine pou jwe wòl pa li nan pataje responsablite sa a ki se responsablite nou tout.

CCPS pral kontinye ofri yon pè linèt pwoteksyon oswa pwoteksyon pou vizaj e pou kouvri vizaj elèv ak manb pèsònèl nou yo paske pwofesyonèl medikal nou yo di si nou mete toulede tip ekipman pwoteksyon pèsònèl sa yo, yo pral ofri pi gwo nivo pwoteksyon.

PWOLONGASYON SONDAJ POU BAY PLIS TAN

Pou nou rive bay plis tan, nou pwolonje peryòd sondaj la jiska lendi 27/7/20, pou chwazi modèl edikatif ou prefere pou pitit ou a. Ou kapab fè chanjman jiska **27/7/20**, menmsi ou te deja soumèt chwa ou. Klike la pou jwenn sondaj la.

MODÈL EDIKATIF

Ki opsyon ou ta dwe chwazi pou pitit ou a? GADE ti videyo kout sa a ki pi ba a pou wè yon eksplikasyon sou kat modèl edikatif yo. Anplis de sa, ou pral wè kòman CCPS envesti nan tout elèv yo kote li ogmante aksè pou aprann e redui baryè atravè Collier Connect, kote chak elèv resewva yon aparèy.



[Klike la a pou gade videyo](#)

CHWA PARAN/ZÒN ANDEYÒ LEKÒL

Pou paran ki chwazi eCollier Academy pou pitit yo, yo pa pral pèdi plas sou chwa parantal/zòn andeyò lekòl yo. Lè elèv yo anwole nan eCollier Academy byenke ou pral retire pitit ou a nan lekòl chwa parantal/lekòl andeyò zòn nan, elèv la pral retni seleksyon chwa parantal/andeyò zòn yo pandan Ijans Sante Pandemik pou Ane Eskolè (SY) 2020-2021 an.

Pandan nou ap gade pou pi devan, si pitit ou a rete nan eCollier Academy pou Ane Eskolè (SY) 20-21 an, men ou ta vle li retounen nan lekòl chwa parantal/lekòl andeyò zòn ou a pou ane eskolè SY 21-22 an, yo pral otomatikman rezève yon plas pou ou, amwens ke paran an notifiye Distri a sou yon lòt rezon.

KESYON?

Pou repons sou Kesyon yo Poze souvan, nou mande pou w vizite collierschools.com/reopening/faq.

Tanpri voye nenpòt kesyon ou ta genyen nan reopening@collierschools.com.

Dr. Kamela Patton
Sipèentendant Lekòl yo